УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

№19 (13881)

2024 гъэ, гъатхэпэм (мартым) и 21, махуэку

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Хэхыныгъэхэр Къэрэшей Черкес Республикэм зэрыщекIуэкIар

**ТЕМРЕЗОВ Рэшид:**

## «Къэралым зыхуейр хихащ!»

ПщIэ зыхуэсщI си хэкуэгъухэ! Лъэпкъ куэду зэхэт ди Къэрэшей-Черкесми Урысей уардэми зрикIуэну къыхахар зыужьыныгъэ гъуэгущ икIи, шэчыншэу, ар ди къэралымрэ абы и цIыхухэмрэ щIэращIэу, зэIузэпэщу зыгъэпсэунщ.

Урысейм и хэхакIуэ комиссэ Нэхъыщхьэм иджыри иухакъым хэхыныгъэхэм къапэкIуар къыипщытэжыныр, ауэ нэрылъагъуэщ ди къэралымрэ абы и лъэпкъхэмрэ я хьисэпхэр сыт щыгъуи икIи дэнэ дежи япэ изыгъэщ цIыхур — Путин Владимир Владимирович, къызэрыхахар. АкъылыфIагъэрэ зэхэщIыкI инрэ зиIэ политикым, зи Хэкум щыпкъэу хущыт ди Президентым къихьащ шэч зыхэмылъ текIуэныгъэр!

Къэрэшей-Черкесым щыпсэухэм, Урысейм и дэнэ къуапэ щыщхэми яхуэдэу, къагъэлъэгъуащ зэи къэмыхъуа жыджэрагъэрэ зэлъыкъуэтыныгъэрэ. Хэхыныгъэхэм щыIащ хэгъуэгум и процент 90,03-р. Путин Владимир щхьэкIэ Iэ яIэтащ процент 90,07-м.

Дэ тлъэгъуащ хэхыпIэхэм щытепща щытыкIэ гуапэхэр. Лъэпкъ пашэр къыщыхахым, ди хэкуэгъухэр зэдэарэзыуэ екIуэлIащ Урысейр я сабийхэмрэ къуэрылъху-пхъурылъхухэмрэ хуахъумэн зэрыхуейм. Ди Президентым илъэс бжыгъэ хъуауэ къэралыр гъуэгу захуэкIэ ишэкIэрэ, псом япэрауэ, абы иIыгъа кIуэрабгъуэр хуэгъэзауэ щытащ жылагъуэм деж зэлъыкъуэтыныгъэр, социально-экономикэ зэпIэзэрытыныгъэр къыщызэтегъэнэным.

Къэрэшей-Черкесым щыпсэухэм фIыщIэшхуэ яхуэсщIыну сыхуейщ зэрахьа жэуаплыгъэмрэ къагъэлъэгъуа граждан еплъыкIэмрэ папщIэ.

Си фIэщ мэхъу, Владимир Владимирович и текIуэныгъэр — ар Урысейр ипэкIэ зыгъэкIуэтэну, ехъулIэныгъэщIэхэмрэ текIуэныгъэщIэхэмрэ къыхуэзыхьыну гугъапIэщ! Дэ дыщIыгъущ ди Президентым!

## «Жыджэру, хуиту, гушхуэу»

Тхьэм фигъэпсэу, си хэкуэгъухэ, фхэлъ жыджэрагъымрэ жэуаплыгъэмрэ папщIэ!

Урысейм и Президентыр хэхыным пIалъэу хуагъэува махуищыр щызэфIэдгъэкIащ Къэрэшей-Черкесым и хэхыпIэ участкэ 252-м — абы цIыхуу екIуэлIар гъунэжщ, инэхъыбапIэм къагъэлъэгъуар Путин Владимир Владимирович и Iуэху зэрыдаIыгъымрэ я дзыхь зэрырагъэзымрэщ.

Унагъуэ быныбэхэм, ди нэхъыжьыфIхэм, хэгъуэгум и щIалэгъуалэ хьэрычэтыфIэхэм — дэтхэнэми икъукIэ зыхищIэт, хэхыныгъэхэм хэткIэрэ, Къэрэшей-Черкесми Урысейми я къэкIуэнумкIэ жэуап зэрихьыр.

Жыджэру, хуиту, гушхуэу я граждан еплъыкIэр къызэрагъэлъэгъуам, Урысейм и дежкIэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ, къэралым и пщэдеимрэ и зыужьыныгъэмрэ зэлъыта мы къэхъугъэм республикэм щыпсэухэр зэрыхэтам папщIэ, иджыри зэ фIыщIэ яхузощI!

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**







Черкесск къалэм дэт, зи № 30 хэхыпIэ участкэм и унагъуэм щыщхэр: и адэ Борispийрэ и щIалэ Маратрэ щIыгъуу къекIуэлIащ икIи Iэ щиIэтащ Къэрэшей – Черкес Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид.

«Сызытет хабзэм сытемыкIыу, Iэ хузоIэт си къэрал лъэщым — Урысей щэджащэм, ар зэпIэзэрыту щытыным, ефIэкIуэным, зиужьыным. ИкIи, къыхэсхыр ди къэралыр зыужьыныгъэм, къаруфIагъым, тыншыгъуэм хуэзышэну цIыхуращ», — жиIащ Темрезов Рэшид.

«Сызыхуей цIыхум Iэ хуэсIэтащ икIи къэзгъэлъэгъуар тэрэзу солъытэ. Сэ къуэрылъху 12 сиIэщ, сыхуэныкъуэщ къэрал узыншэрэ зэпIэзэрытрэ. Аращ Iэ зыхуэсIэтари», — жиIащ Черкесск къалэм дэт IэзапIэ - реабилитацэ купсэм и дохутыр нэхъыщхьэ Темрезов Бориспий.

«Мы хэхыныгъэхэм сыкъэкIуащ гукъыдэж ин сиIэу. Урысейм и Президентым и хэхыныгъэхэр — ди къэралым и тхыдэм къыгуэпх мыхъуну епха Iуэхушхуэщ. Къэралым и цIыху къэс Iэмал имыIэу хэтын хуейщ хэхыныгъэхэм, Урысейм и къэкIуэн дахэм Iэ хуиIэтын папщIэ. Ди къэкIуэнум дыщогугъ! Урысейм къулыкъу хузощIэ!», — жиIащ Ставрополь Президент кадет училищэм и курсант Темрезов Марат.

## КъэкIуэнум хуэпIейтейуэ



**ХэхыпIэ щIыпIэ 252 – рэ**

Гъатхэпэм (мартым) и 15, 16, 17 махуэхэм, Урысей Федерацэм и Президентым и хэхыныгъэхэм, ди республикэм хыхьэ щIыналъэхэм хэхыпIэ участкэ 252-рэ щылэжьащ. Абыхэм ящыщщ пIалъэкIэ яузэда участкищри: Черкесск къалэм и следственнэ изоляторым щаIыгъхэм, республикэ сымаджэщым щIэлъхэм, Архъыз жылагъуэм зыщызыгъэпсэхухэм папщIэ.

ХэхыпIэ щIыпIэу хъуар къызэгъэпэщауэ щытащ хъыбарегъащIэ технологиехэмкIэ, видеокIэлъыплъыныгъэхэмкIэ, зэратх IэмалхэмкIэ.

Къэрэшей-Черкесым хэхыныгъэхэр зэрыщекIуэкIам кIэлъыплъащ щхьэихауэ Iуэхум хурагъэджа жылагъуэ щIэплъыкIакIуэ 780-рэ.

***

Хэхыныгъэхэм я етIуанэ махуэм Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ Иванов Александр Iэ щиIэтым, жиIащ:

«Iэ зыхуэсIэтыр Урысейм и къэкIуэныфIращ. Къэралым папщIэ, абы и къэкIуэнум хуэгъэзауэ жэуаплыгъэр зыхьыр Президентым и закъуэкъым. Жэуаплыгъэр яхь лъэпкъхэм, цIыхубэм, жылагъуэм.

Къэралым и ЛIыщхьэр дгъэбелджылыкIэрэ, дэтхэнэми къыхихыр Урысейм и къэкIуэнур зэриунэтIыну лъэныкъуэращ, и бынхэм, и щIэблэм я пщэдей махуэращ. Апщыгъуэми, щхьэхуит, къаруфIэ къэралым щыпсэунымкIэ гугъапIэфIхэр иIэу. Си фIэщ мэхъу, аращ зэрыщытынури!»

***

Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм и тхьэмадэ Аргун Мурат и граждан жэуаплыгъэр щигъэзэщIащ Куэш-Хьэблэ къуажэм щылэжьа, зи № 241-рэ хэхыпIэ участкэм.

«Ди республикэм и Iэтащхьэм ипэкIэ къызэрыхигъэщауэ, дэ Iэ тIэт закъуэу щыткъым, атIэ тегъэчынауэ къыдогъэлъагъуэ дызыхущIэкъур, дызыхуэкIуэр, Урысейм и зыужьыныгъэм цIыху къэс и щхьэкIэ хэлъхьэныгъэ зэрыхуэтщIыр. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, хэхыныгъэхэр — къэкIуэнум дыхуэзышэ лъэбакъуэщ», — къыхигъэщащ Аргун Мурат.

***

**Жылагъуэ шынагъуэншагъэм — гулъытэ нэхъыщхьэ**

Хэхыныгъэхэм и япэ махуэм цIыху щхьэхуэ гуэрхэм Iуэхур зэхатхъуэну зэрыхущIэкъуар, дяпэкIэ къэхъункIэ хъунухэр лъабжьэ хуэхъуащ КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид Координационнэ Штабым хэтхэм: УФСБ-м, МВД-м, Прокуратурэм, Росгвардием, къинэмыщIа къару, хабзэхъумэ къулыкъухэм я унафэщIхэм зэраIущIар.

Нэхъыщхьэу зэпсэлъэныгъэр зытеухуауэ щытар хэхыныныгъэ пIалъэм къриубыдэу щIэпхъаджагъэрэ мыхъумыщIагъэрэ къэмыгъэхъуным гулъытэ нэхъыбэ, щIэгъэхуэбжьауэ хуащIынращ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэуи жылагъуэ шынагъуэншагъэр я нэIэ щIагъэтыпхъэу унафэ ищIащ республикэм и лIыщхьэм.

2

Хэхыныгъэ нэужьым

## Къэпщытэжыныгъэ

**Гъатхэпэм и 18-м Къэрэшей-Черкес Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм иухащ республикэм и ТИК-хэм (территориальные избирательные комиссии) къабгъэдэкIа протоколхэр къэщтэнымкIэ лэжьыгъэр.**

УФ-м и Президент хэхыныгъэхэр зэрекIуэкIам теухуа 52-нэ зэIущIэ иригъэкIуэкIащ КъЧР-м и ИК-м и унафэщI Абазалиевэ Ларисэ.

Хэхыныгъэ махуэхэм хэхыпIэ участкэхэм деж бюллетенхэр къызэрагъэсэбэпам теухуауэ къэпсэлъащ республикэ ИК-м и секретарь Зиздок Аллэ икIи нэхъыщхьэр къыхигъэщащ.

— ХэхыпIэ участкэхэм бюллетену яттамрэ къагъэсэбэпамрэ бжыгъэкIэ зэтохуэ, — жиIащ Зиздок Аллэ икIи абы арэзы техъуэу зэIущIэм хэтахэм протоколым Iэ хуаIэтащ.

ЕтIуанэ упщIэу зэIущIэм хэтахэм хэхыныгъэр республикэм зэрыщекIуэкIар къапщытэжащ, бжыгъэхэмкIэ ягъэнэIуащ УФ-м и Президенту зыкъэзыгъэлъэгъуа кандидат къэс хуаIэтар.

— Республикэм и район къэскIэ къытIэрагъэхьа своднэ таблицэм тещIыкIа къэпщытэжыныгъэм ипкъ иткIэрэ: УФ-м и Президентым и хэхыныгъэхэм хэтащ республикэм и цIыху 265-913-рэ. Ар хэхакIуэхэм я процент 90,03-рэ мэхъу. Абы щыщу Путин Владимир Владимирович щхьэкIэ Iэ яIэтащ хэхакIуэ 239-178-м. Ар хэхакIуэхэм я процент 90,07-рэ мэхъу. Харитонов Николай Михайлович и телъхьэу хэхакIуэ 13559-м, хэхакIуэхэм я проценти 5,11-м Iэ яIэтащ. Слуцкий Леонид Эдуардович Iэ хуаIэтащ хэхакIуэхэм я проценти 2,92-м, нэрыбгэ 7745-м. Даванков Владислав Андреевич 2764-м Iэ хуаIэтащ. Ар хэхакIуэхэм я процент 1,04-рэ мэхъу,— къеджащ Абазалиевэ Ларисэ.

Сводно таблицэм, зыхэплъа бжыгъэхэр щыгъэлъэгъуа протоколым псори арэзыуэ Iэпэ щIадзащ. Унафэ къахьащ таблицэхэр, протоколхэр республикэм и СМИ-мкIэ хэIущIыIу зэращIынум теухуауэ.

— Мы зэфIэдгъэкIа, Iэмал зимыIэ щытыкIэ псоми яужькIэ хэхыныгъэхэр ди хэгъуэгум щекIуэкIауэ къэплъытэ хъунущ. Ахэр икъукIэ фIагъ лъагэ иIэу екIуэкIащ, федеральнэ, хэгъуэгу щIэплъыкIакIуэхэми къызэрыхагъэщащи. Республикэм щыпсэу, хэхыныгъэхэм хэтыну ныбжь зиIэхэм я процент 90,3-р хэхыныгъэм хыхьащ, — къыщIигъужащ Абазалиевэ Ларисэ.



КъЧР-м и ТИК-м и пашэм и лэжьэгъухэми, махуищми къащIыгъуа СМИхэм я журналистхэми фIыщIэ ин яхуищIащ къэралымкIи, абы щыпсэу дэтхэнэ цIыхумкIи мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхум я гуащIэ зэрыхалъхьам папщIэ. Къинэмыщ Iауэ, яхъуэхъуащ хэхыныгъэхэр къабзэу, хабзэм тету зэрекIуэкIам, дэтхэнэми и граждан къалэныр зэригъэзэщIам и цIэкIэ.

**ТУАРШЫ Ирэ**

ЗэIущIэ

## Мурадхэр фIыщ

Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид IущIащ ди хэгъуэгум щыщу зауэ операцэ хэхам щыIа Аккао Амир.

ЗэIущIэм хэтащ республикэм и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я Администрацэм и унафэщI Уэз Муратрэ «Газпром газораспределение Черкесск» АО-м и пашэ Дергачев Олегрэ.

Амир къызэхуэсахэм ядэгуэшащ Урысейм и Президент Путин Владимир щыIущIам гукъинэ щыхъуахэмкIэ. Апщыгъуэм Амир ди къэралым и Iэтащхьэр щигъэгъуэзащ и IэщIагъэ зыужьыныгъэм, «Лидеры России» зэпеуэм зэрыхэтам, Урысейм и Къару Узэдахэм къулыкъу зэрыщищIам, и литературэ творчествэм.

СВО-м дамыш ипэкIэ, Аккао Амир «Газпром газораспределение Черкесск» АО-м и унафэщIым и къуэдзэу лэжьащ. Дергачев Олег щIалэм къыщытхъуащ, жиIащ ар зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI, жэуаплыгъэ зыхэлъ IэщIагъэлIу зэрыщытыр.

АмиркIэ нэхъыщхьэр – и узыншагъэр зэфIигъэувэжынращ. Темрезов Рэшид жиIащ щIалэм и IэщIагъэм епхауэ иIэ мурадхэр зригъэхъулIэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу хуэхъуну зэрыхьэзырыр икIи Аккао Амиррэ Дергачев Олегрэ «100-летие Карачаево-Черкесской Республики» юбилей медалхэр яхуигъэфэщащ.

**ДЗЭМЫХЬ Маринэ**

## Динырылажьэхэм яIущIащ

УФ-м и Президентым и ЛIыкIуэу Ищхъэрэ-Кавказ федеральнэ хэгъуэгум щыIэ Чайка Юрий дин зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм Пятигорск къалэм щаIущIащ. Ахэр тепсэлъыхьащ СКФО-м щызекIуэ дин, лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр нэхъри гъэбыдэнымкIэ зэрызэдэлэжьэну Iуэхугъуэхэм. Чайка Юрий къызэхуэсахэм яхъуэхъуащ нэщI мазэмкIэ.

«Дэтхэнэми ди къалэнщ Ищхъэрэ Кавказым илъ мамырыгъэмрэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ нэхъри гъэбыдэныр, дин, лъэпкъ Iуэхухэр къагъэсэбэпу, щытыкIэр тIасхъэ зыщIыну пылъ, Урысейм и бийхэм зы лъэкIыныгъи ятт хъунукъым»,— жиIащ Чайка Юрий.

ЗэIущIэм щыжаIащ Ищхъэрэ-Кавказ федеральнэ хэгъуэгур лъэпкъи 140-м щIигъум я лIыкIуэхэм я унэу зэрыщытыр.

«Дэ тхыдэ гъащIэ закъуэкъым дызэзыпхыр. Дэ дызэкъуэтщ ди гъащIэр, цIыхубэм я гъащIэр мамыру, зэгурыIуэныгъэ яку дэлъу дыухуэным, ди къэралым и лъэкIыныгъэхэр щIэблэм яхуэтхъумэным, абыхэм хэдгъэхъуэным дызэрыхущIэкъумкIэ. Мы лэжьыгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащI Ищхъэрэ Кавказым щыпсэу, дин зэхуэмыдэхэр зезыхьэ лъэпкъхэм я лIыкIуэхэм», — къыхигъэщащ ди къэралым и Пашэм и лIыкIуэм.

Чайка Юрий фIыщIэ яхуищIащ СВО-р щыщIидзам Урысейм и лIыщхьэхэм къахьа унафэр ядэзыщта, дин зэгухьэныгъэхэм я пашэхэм.

Полпредым къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ УФ-м и Президентым Федеральнэ ЗэIущIэм хуищIа Зыхуэгъэзэныгъэм деж щыжиIар: «Ди сэлэтхэр, офицерхэр – чыристанхэщ, муслъымэнхэщ, буддистхэщ, иудаизмэм и лIыкIуэхэщ, щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэхэр зезыхьэхэщ, хэгъуэгу зэхуэмыдэхэм къабгъэдэкIахэщ. Абыхэм псалъэ мин нэхърэ, IуэхукIэ къагъэлъэгъуащ Урысейм и цIыхухэр зэрызэкъуэтыр — аращ псоми ятекIуэ къарур. Ахэр зэкъуэту, зы Хэкум папщIэ мэзауэ».

«ДяпэкIи лэжьыгъэшхуэ къытпэщылъщ. Абыхэм ящыщ зыщ Унагъуэм и Илъэсым ипкъ иту, унагъуэхэм зайгъэужьыныр. Путин Владимир къызэрыхигъэщащи, абыкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ властым, цIыхубэм, динырылажьэхэм я зэдэлэжьэныгъэм», — жиIащ Чайка Юрий.

КъыкIэлъыкIуэу, Ищхъэрэ Кавказым и Координационнэ купсэм, Къэрэшей-Черкесым и ДУМ-м я тхьэмадэ, республикэм и муфтий Бердиев хьэжы Исмэхьил «За заслуги перед Отечеством» орденым и етIуанэ нагъыщэ зиIэр хуигъэфэщащ.

Къырымымрэ Севастополрэ Урысей Федерацэм къыщцыгухьэжа Махуэм

Хьуэхъу псалъэ

«Илъэси 10-кIэ узэIэбэкIыжмэ, къэхъукъащIэ хэIэтыкIа, ди къэралымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ къэхъуащ — Къырымрэ Севастополрэ щыпсэухэм гупсысэ куу зыкIуэцIылъ унафэ къахьащ я тхыдэ Хэку — Урысей уардэм гухьэжыным, щыпсэуным, заужьыным, ипэкIэ кIуэтэным ехьэлIауэ.

ХэгъуэгуитIыр Урысей Федерацэм хыхьэжыным теухуа ЗэгурыIуэныгъэм 2014 гъэм гъатхэпэм и 18-м Iэпэ щIадзащ икIи абы щегъэжьауэ зэфIэувэжынымрэ зыужьынымрэкIэ гъуэгущIэр ирашэжьащ.

Абы щегъэжьауэ хытIыгуныкъуэм зеужь лъэныкъуэгъазэ зэхуэмыдэхэмкIэ. Инфраструктурэ ухуэныгъэхэр, гъуэгу зэгъэзэхуэжыныгъэхэр — Къырымрэ Севастополрэ я теплъэм зэпымыууэ захъуэж, йофIакIуэ. Хэкум и гъащIэр зэрыдагуэшыр хытIыгуныкъуэм и цIыхухэм наIуэ щащI СВО-м хэткIэрэ, Урысейм и хьэлэмэтхэм я телъхьэу щыткIэрэ, я хэкуэгъухэм ябгъурыту зэуапIэхэм IуткIэрэ.

Си гум къыбгъэдэкIыу сохъуэхъу Къырым, Севастополь дэсхэм, къэралым и цIыху дэтхэнэми къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэм и щIыхькIэ! Урысейм сохъуэхъу зэIузэпэщыныгъэрэ щIэрэщIэныгъэрэкIэ, абы щыпсэу цIыхухэм — насыпрэ фIыгъуэу щыIэмкIэ!», — щитхащ Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид телеграм-каналым щиIэ напэкIуэцIым.









Архив сурэтхэр

2014 гъэм, гъатхэпэ мазэм Къырымымрэ Севастополрэ Урысей Федерацэм къыхыхьэжыным и унафэр къыщахьа лъандэрэ, мы гъэм илъэси 10 ирокъу. ХабзэфI хъуауэ, илъэс къэси а махуэр хэIэтыкIауэ Урысейм щагъэлъапIэ.

# Быныр и унагъуэ къихьэжащ





«Крым и Севастополь вернулись в родную гавань», — ди къэралым и Президентым и псалъэхэм и щыхьэту, я джэрпэджэжу щытащ гъатхэпэм и 18-м, Черкесск къалэм дэт республикэ къэрал филармонием щекIуэкIа гуфIэгъуэ дауэдапщэр.

Абы къеблэгъащ КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я Администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Хубиев Марат, республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутатхэр, Правительствэм хэтхэр, Къэрэшей-Черкесым и Жылагъуэ палатэм и пашэ Ляшовэ Еленэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, бэдаущ партхэм къабгъэдэкIа лIыкIуэхэр, динырылажьэхэр, къалэдэсхэмрэ хьэщIэхэмрэ.

— КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид къыбгъэдэкIыу зыфхузогъазэ мы Iуэхугъуэ хъарзынэм къекIуэлIа псоми. Сывохъуэхъу Къырымрэ Севастополрэ Урысейм къыщыгухьэжа лъандэрэ илъэси 10 зэрырикъуэмкIэ! ХытIыгуныкъуэр зы хъужащ, зы хъужащ цIыхубэри. Нобэ хытIыгуныкъуэм и теплъэм икъукIэ зихъуэжащ, ещхь хъуащ урысей къалэм и теплъэм.

Гъуэгу километр мин бжыгъэ, еджапIэщIэхэмрэ сабий IыгъыпIэщIэхэмрэ, медицинэ IуэхущIапIэхэр — а псори щаухуэ Къырымым. Ауэ, жагъуэ зэрыхъущи, ди гуфIэгъуэр псоми къыддагуэшкъым. Киевым и лъыиф, гущIэгъуншэ политикэ ткIийр пылъщ цIыхубэр игъэшынэну, Урысейм къыгухьэжынымкIэ Донбасс, Луганск, Запорожье, Херсон щыпсэухэм я гукъыдэжыр яIэпиудыным и Iэмал псори зэрехьэ. КъехъулIэнукъым апхуэдэ мурадхэр.

Нобэ ди щIалэхэр зэкъуэту Донецк, Луганск, Херсон, Запорожье щозауэ, пэжыгъэр зэфIэгъэувэжыным и тетщ, Урысейм хэтынымкIэ я хуитыныгъэр яхъумэ. Зэгуэрми хуэмыдэу урысей цIыхубэр зэкъуэувэщ мы зэманым. Абы и щыхьэтщ дызыхэта хэхыныгъэхэр. ХэхыпIэхэм цIыхухэр куэду екIуэлIащ Лъэпкъ пашэм зэрыдащтэр, ар Президенту зэрыхахыр ягъэлъагъуэу. Псоми доцIыху — цIыхубэмрэ Дзэмрэ зыуэ щыщытым деж зыри къыттекIуэфынукъым. ТекIуэныгъэр дыдейщ! — жиIащ Хубиев Марат.

Ляшовэ Еленэ и къэпсэлъэныгъэм тегъэщIапIэ ищIащ гъатхэпэм и 17-м иуха хэхыныгъэхэр.

— Къапщытэжащ хэхыныгъэхэм къырикIуар. Лъэпкъ пашэр, лъэпкъым и кандидатыр дяпэкIи Урысейм и Президенту щытынущ.

«Къырым гъатхэкIэ» дызэджэм лъэпкъхэр зэкъуигъэуващ. КъэкIуэнумкIэ цIыхубэм и фIэщхъуныгъэр быдэщ, къэкIуэнум хуэлэжьэнымкIэ, хуэпсэунымкIэ лъэкIыныгъэ иIэщ. Жылагъуэм, республикэ Жылагъуэ палатэм, си щхьэкIэ къызбгъэдэкIыу сывохъуэхъу щIэрэщIэныгъэрэ ефIэкIуэныгъэрэкIэ, узыншагъэрэ мамырыгъэрэкIэ! — жиIащ Ляшовэ Еленэ.

«Украинэм дыщымыпсэуми, абы щыхъэм дегъэхыщIэ. Ди къэралышхуэм къыхыхьэжа я бынхэм я гуфIэгъуэр ядыдогуэш икIи ди гуапэ дыдэу дыкъекIуэлIащ мыпхуэдэ концерт хъарзынэм. Сыт щыгъуи дыдеящ Украинэр, дыдейуи къренэж!» — апхуэдэ псалъэхэр ягу къихауэ жаIащ зи ныбжь нэхъ хэкIуэтауэ, куэд зылъэгъуахэм.

МахуэщIым и къызэгъэпэщакIуэхэр икъукIэ жэуаплыгъэ лъагэкIэ бгъэдыхьащ Iуэхум. Филармонием ирагъэувэкIащ тхыдэ къэхъукъащIэм хэзыгъэгъуэзэж теплъэгъуэ-сурэтхэр, ахэр тхыгъэ кIэщIхэмкIэ щIэгъэбыдэжауэ. Мы Iуэхум фIыуэ хэлэжьыхьащ музейм и лэжьакIуэхэри.

Концертым къекIуэлIа псоми я гукъыдэжыр къаIэтащ республикэм и уэрэджыIэхэм.

**ТУАРШЫ Ирэ**

# «Жылагъуэ щIэплъыкIакIуэхэм я лэжьыгъэр — фIагъ ин хэлъу!»

Апхуэдэ уасэ хуащIащ ЦОН-м хэтхэм я лэжьыгъэм (Жылагъуэ ЩIэплъыкIакIуэхэм я Купсэ) федеральнэ купсэм къикIауэ Урысейм и Президентым и хэхыныгъэхэр щекIуэкIа махуищым КъЧР-м и Жылагъуэ палатэм и хэщIапIэм щыIа къулыкъущIэхэм. Фигу къэдгъэкIыжынщи, зэрагъэбелджылам тету, ЦОН-м и щIэплъыкIакIуэхэр жэщ-махуэ имыIэу а махуищым лэжьащ.

Гъатхэпэм (мартым) и 18-м КъЧР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI Ляшовэ Еленэ я пашэу, пресс-конференц щызэхэтащ, Урысейм и Президентым и хэхыныгъэхэр зэрекIуэкIар я нэIэм зэрыщIагъэтар щIэплъыкIакIуэхэм къапщытэжащ.

ЗэIущIэм хэлэжьыхьащ УФ-м и Президентым и нэIэм щIэт, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ цIыхухэм я хьэлэмэтхэр хъумэнымрэкIэ Советым хэт Ряховский Владимир, «Юристы за права человека» Урысейпсо жылагъуэ организацэм и федеральнэ электоральнэ щIэплъыкIакIуэ Чириченко Руслан, КъЧР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу Узденов Алибек, адвокат, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэтым и дэIэпыкъуэгъу, УФ-м и Президентым и нэIэм щIэт, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ цIыхухэм я хьэлэмэтхэр хъумэнымрэкIэ Советым хэтым и чэнджэщэгъу Кулов Станислав, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр къызэIуихкIэрэ, абы хэтахэм Ляшова Еленэ яхъуэхъуащ Къырым хытIыгуныкъуэр Урысейм къызэрыгухьэжрэ илъэси 10 зэрырикъуам и щIыхькIэ. Ар гулъытэ ин зыхуэфащэ тхыдэ къэхъугъэу зэрыщытыр къыхигъэщащ.

«Нобэ къызэрымыкIуэ тхыдэ къэхъугъэшхуэщ. МахуищкIэ екIуэкIа, Урысейм и Президентыр хэхыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр зэлъэщIэхьащ, ди гуфIэгъуэшхуэм щIэтуи, Къэрэшей-Черкесым щыщ хэхакIуэхэм я процент 90-м нэхърэ нэхъыбэм я дзыхьыр Путин Владимир ирагъэзащ», — къыхигъэщащ Ляшовэ Еленэ.





ФIыщIэ псалъэхэр гъунэжу яхуигъэфэщащ федеральнэ хьэщIэхэм, Жылагъуэ штабым хэтхэм, щIэплъыкIакIуэхэм, юридическэ лэжьыгъэр зыгъэкIуэтахэм, гъэсакIуэ-егъэджакIуэхэм, координаторхэм, СМИ зэхуэмыдэхэм, волонтерхэм, жэщ-махуэ ямыIэу, махуищым къриубыдэу хэхыныгъэхэр зэрекIуэкIыр зи нэIэм щIэзыгъэтахэм.

КъинэмыщIауэ, щхьэхуэу я цIэ къриIуащ КъЧР-м и Парламентым и депутатхэм, бэдаущ партхэм я лIыкIуэхэм, республикэ, щIыпIэ, участковэ хэхакIуэ комиссэхэм хэтхэм икIи псалъэ хуигъэфэщащ Ряховский Владимир.

«Сывохъуэхъу ехъулIэныгъэфI хэлъу Урысейм и Президентыр хэхыным республикэм щыпсэухэр фызэрехъулIам папщIэ! ФIыщIэ фхузощI икъукIэ нэгъэсауэ зи граждан еплъыкIэр къэзыгъэлъэгъуахэм. КъыджаIэжа хэмыту, тлъагъупащ цIыхухэм гукъыдэж къызэрымыкIуэ ябгъэдэлъу, унагъуэкIэрэ хэхыныгъэм къызэрекIуэлIар. ХэхакIуэхэр куэдащ, шэч хэмылъу. Зы тхьэусыхэ къытIэрыхьакъым», — къыхигъэщащ Ряховскэм.

«Зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр дгъэзэщIащ, хэхыныгъэхэр фIагъ лъагэ хэлъу къызэгъэпэща хъуащ. Ди жылагъуэм иджыри зэ дуней хъурейм яригъэлъэгъуащ зэкъуэтыныгъэр къызэрыдэбэкIыр, къэралыр зытет зыужьыныгъэ гъуэгум зэкъуэту дызэрырикIуэр. Электоральнэ эксперту сыщыткIэрэ, къыхэзгъэщыну сыхуейщ лъэпкъым и конституцэ хьэлэмэтхэр лъэпощхьэпо хэмылъу гъэзэщIа зэрыхъуар. Iэ зыIэтыну гукъыдэж зиIэу зы цIыхуи къэнакъым. А лэжьыгъэр Къэрэшей-Черкесым щызэфIэха зэрыхъуар щапхъэгъэлъагъуэщ», — къыхигъэщащ Чириченко Руслан.

ЖыпIэнурамэ, къэпсэлъахэм къалъытащ КъЧР-м и Жылагъуэ палатэм къызэригъэпэща лэжьыгъэр уасэншэу, фIагъ лъагэ зиIэу.

«Президент хэхыныгъэхэр егъэкIуэкIыныр жэуаплыгъэ хуабжь зыпылъ Iуэху хьэлъэщ. ФIыщIэ хуэфащэщ а Iуэхур къыддэзыгъэкIуэтауэ хъуам, псом хуэмыдэу, хэхакIуэ комиссэхэм, щIэплъыкIакIуэхэм.

НобэкIэ ЦОН-м и лэжьыгъэр зэхуещIыж. Ауэ, Жылагъуэ штабым и лэжьыгъэм адэкIи пищэнущ. Мы гъэм и фокIадэ (сентябрь) мазэм КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутатхэр хэтхынущ», — пресс-конференцым икIэм щыжиIащ Жылагъуэ палатэм и унафэщIым.

**ЩОХЪУЖЬ Люсанэ**

1 ↰

# КъэкIуэнум хуэпIейтейуэ





ЩIэплъыкIакIуэхэм иужьым къызэралъытамкIи, мы Президент хэхыныгъэхэм цIыхуу участкэхэм екIуэлIам хуэдиз зэи щыIакъым. Гуапэ зэрыхъуну, яхэтащ абыхэм ныбжьышхуэ зиIэхэри. Iэ яIэтащ лIыщIыгъуэм щIигъу къэзыгъэщIахэм, сабий цIыкIу куэд зыщIэс унагъуэхэр зэщIыгъуу, СВО-м къулыкъу щызыщIэхэм, а зауэр зи нэгу щIэкIахэм я бынхэр ящIыгъуу, зэпсэгъу зэхуэхъуагъащIэхэм...

Жьакуэ къуажэм и нэхъыжь Iумахуэ, зи ныбжьыр илъэс 94-м ит Къардэн Хъусен гукъыдэж иIэу хэхыныгъэхэм зэрыхэтар сыт и уасэ! И щIэблэр щIыгъуу Хъусен хэхыпIэ участкэм къекIуэлIащ икIи къэралым и къэкIуэнум Iэ хуиIэтащ.

Жыджэрагъ щхьэхуэ яхэлъу Урысейм и Президентым и хэхыныгъэхэм хэтащ Къэрэшей-Черкесым щыщу СВО-м къулыкъу щызыщIэхэр, ветеранхэр, абыхэм я унагъуэхэр.

«Президент хэхыныгъэхэр къызэрымыкIуэ Iуэхушхуэщ. Дэ Iэ зыхуэтIэтыр ди къэралым и къэкIуэнуращ. СВО-м хэтхэм, си щхьэкIи, псоми хуэмыдэжу жэуаплыгъэ ин ди пщэ зэрилъыр зыхыдощIэ, ди Хэкум и хъумакIуэу дыщыткIэрэ... Iэ зыхуэсIэтыр ди къэралыр нэхъри нэхъ лъэщ зэрыхъунырщ, а зыужьыныгъэм дыхуэзышэн цIыхуращ», — къыхигъэщащ Хьэбэз районым щыщ къулыкъущIэм.

Палестинэм къикIыжахэри хэлIыфIыхьащ Урысейм и Президентыр хэхыным. Зы пIалъэкIэ узэIэбэкIыжмэ, Къэрэшей-Черкесыр псэупIэ зыхуэхъуа, ди къэралым и цIыху хъуа, Палестинэм щекIуэкI хьэргъэшыргъэм зи щхьэр къыхэзыхыу ди хэгъуэгум щетIысэхахэм Iэ щаIэтащ Тебэрды къалэм щылэжьа, зи №59-нэ хэхыпIэ участкэм. Абы къекIуэлIа палестин щIалэм фIыщIэ ин ищIащ ди щIыналъэм къыщыхузэрагъэпэща тыншыгъуэм, я деж щыIэжым хуэдэу псэуну лъэкIыныгъэ зэраIэм папщIэ.













Черкесск къалэм щыщ ныбжьыщIитIым: Козикхэ Данилрэ Элинэрэ унагъуэ зэдащIэри, хэхыпIэ участкэр зыхэта щэнхабзэмкIэ IуэхущIапIэм щыщIатхащ, къыкIэлъыкIуэуи, я граждан жэуаплыгъэр ягъэзащIэкIэрэ, Iэ яIэтащ.

«ДэркIэ, унагъуэщIэмкIэ, мыхьэнэшхуэ иIэщ дяпэкIэ ди къэралыр зыхуэкIуэным, зэрызиужьыну лъэныкъуэхэм, пщIэ къыхуащIу щытыным, унагъуэхэм илъ лъапIагъэхэр, анагъэр, сабиигъуэр хъумэным, сабий куэд зыщIэс унагъуэхэм защIэгъэкъуэным...», — къыхагъэщащ ныбжьыщIэхэм.

ЖыпIэнурамэ, республикэм и щIыпIэ къэс гуфIэгъуэкIэ гъэнщIауэ къызэгъэпэща хъуащ хэхыныгъэ Iуэхухэр: лъэпкъ фащэхэр ящыгъыу, ерыскъыхэкIхэр зыдаIыгъыу, махуэщI гукъинэжу Iуэхур ирагъэкIуэкIащ. ЩыIащ хэхакIуэхэр масленицэ махуэщIым щыхэхуаи: блины IэфIыр яшхыну, шей пщтыр ефэну лъэкIыныгъэ яIащ, къэфащ, джэгуащ... Сабийхэм папщIэ нэгузыужь программэ хъарзынэ къызэзыгъэпэщахэри яхэтащ: кIапсэкIэ зэпрагъэкъуащ, къуажыхьхэр къырагъэщIащ.

Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэн хъуащ Верхняя Мара къуажэм щыщ бзылъхугъэ IэпщIэлъапщIэхэм метр зэбгъузэнатIэ 5х10 хъу Урысейм и Ныпыр цы зэрыхъэкIэ зэращIар. Ар щIыным хэхыныгъэхэм махуитху ипэкIэ щIадзэри зыхуагъэхьэзырат.

Гъэ кIыхьагъым лажьэ Домбай, Архъыз зыгъэпсэхупIэхэм къеблэгъа хьэщIэхэми, туристхэми Iэ яIэтыну лъэкIыныгъэфIхэр къыхузэрагъэпэщащ.

Хэхыныгъэ махуэхэм я зэкъуэтыныгъэр къагъэлъэгъуащ республикэм и спортсменхэми. Апхуэдэу, махуищым къриубыдэу республикэм хыхьэ къалэхэм, къуажэхэм, жылагъуэхэм спорт лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ зэпеуэ пщIы бжыгъэ къызэрагъэпэщащ. Псом нэхърэ нэхъ удэзыхьэхыу, цIыху куэд къызэщIэзыубыдэу щытар футболращ. КъинэмыщIауэ, спортсмен ныбжьыщIэхэм зызэрапщытащ бокскIи, теннискIи, волейболкIи, атлетикэ псынщIэкIи, шахматкIи.

Махуищым къриубыдэу екIуэкIа хэхыныгъэхэр ягъэдэхащ, махуэщI ящIащ, цIыхухэм я гукъыдэжыр нэхъри къаIэтащ республикэм и артистхэм, уэрэджыIэ гупхэм, къэфакIуэхэм.

Зыгъэхьэзырар
**АБИДОКЪУЭ Люсанэщ**

Лъэпкъыбзэхэр хъумэным

*Ди хэгъуэгум лъэпкъыбзэхэмкIэ къыщыдэкI газетхэм я лэжьакIуэхэр яIущIащ Къэрэшей-Черкес къэрал университетым и ректорым и пщэрылъхэр зыгъэзащIэ Узденов ТаусултIан. IуэхукIэ зэхуэзэн хуей щIэхъуам и щхьэусыгъуэт республикэм и ищхьэ еджапIэ нэхъыщхьэм, иужьрей илъэсищми хуэдэу, мазаем и 21-м — анэдэлъхубзэм и Лъэпкъыбзэ Махуэм зэхиша Iуэрытхым кърикIуар къэпщытэжыныр.*

# Гугъэм лъагъуэ хеш



Узденов ТаусултIан и щIэныгъэкIэ, и хьэрычэткIэ зихуэдэм кIэщIу дыкъытепсэлъыхьын ипэ, къыхэдмыгъэщ хъунукъым лъэпкъыбзэхэр хъумэнрэ хэIущIыIу щIынрэ я лъэныкъуэкIэ КъЧКъУ-м иригъэкIуэкI сыт хуэдэ акцэми абы и гуащIэ ин зэрыхэлъыр, егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, узэщIыныгъэм ехьэлIа Iуэхухэм, жэщ-махуэ имыIэу, зэрыригузавэр.

Ректор IэнатIэр щыпкъэу зезыхьэ лIыр къыщалъхуащ Къарт-Джурт къуажэм. Абы къиухащ Санкт-Петербург къэрал университетым и факультетитIыр: «Жылагъуэ-политикэ дерсхэмкIэ политолог, егъэджакIуэ», «Къуэ-кIыпIэдж-тхыдэдж» IэщIагъэхэмкIэ. Очнэу аспирантурэм щеджэу, политикэ щIэныгъэхэмкIэ и кандидат диссертацэр хъарзынэу пхигъэкIащ.

Алиев Умар и цIэр зезыхьэ Къэрэшей-Черкес къэрал университетым щыIухьагъащIэм, ар зыхэхуа егъэджакIуэхэм гу лъатэ щIэх зэрызиужьым, ищIэмрэ илэжьымрэ фIэмащIэу зэрыщытым.

ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырынымкIэ Узденов ТаусултIан ищхьэ еджапIэм щызэфIиха Iуэхухэм папщIэ и цIэр къыхагъэщащ федеральнэ, хэгъуэгу мыхьэнэ зиIэ ЩIыхь, ФIыщIэ тхылъ бжыгъэкIэ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 40-м щIигъу.

Къэрэшей-Черкес къэрал университетыр — мыбы ипэкIэ къызэрыхэдгъэщащи, ди хэгъуэгум и ищхьэ еджапIэ нэхъыщхьэщ. 1938 гъэм щыщIэдзауэ абы и пщэ дэлъщ щэнхабзэмрэ егъэджэныгъэмрэкIэ зыуэ щыт федеральнэ къэухьым ипкъ иту и къалэнхэр игъэзэщIэну.

Тхыдэ беи, хабзэфIи, зыми хуэбгъэдэ мыхъун ефIэкIыныгъи зэриIэм къыщымынэу, университетыр щытщ Къэрэшей-Черкесым егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ и купсэу. Ар щхьопэ тхыдэ щIэиныр хъумэным, лъэпкъхэм я зэхуэмыдагъымрэ я бзэхэмрэ къызэтегъэнэным икIи, абыхэм ягъэбыдэ цIыхухэм я зэхущытыкIэфIхэри, яку дэлъ зэныбжьэгъугъэри.

Университетым дапщэщи и къалэн пажэщ ди хэгъуэгуми, Урысейми, хамэ къэрал гъунэгъухэми егъэджакIуэ лъэрыхьхэр яхуэгъэхьэзырыныр. Илъэс къэсыхун абы къыщIегъэкI зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI нэрыбгэ миным нэхърэ нэхъыбэ.

КъЧкъУ-м и лэжьыгъэр кIуэрабгъуитIу гуэшащ: зыр филологиемкIэ Институтым епхащ, етIуанэр — щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмрэкIэ Институтым хуэунэтIащ. А тIум хохьэж физико-хьисэпымкIэ, физкультурэмкIэ, педагогикэмкIэ, тхыдэмкIэ, естественно-географиемкIэ, психологиемрэ социальнэ лэжьыгъэмрэкIэ, экономикэмрэ управленэмрэкIэ, IэщIагъэлIхэм я IэпщIэлъапщIагъыр хэгъэхъуэнымрэ егъэджэжынымрэкIэ факультетхэр.

Нобэ университетым игъэкIуатэ егъэджэныгъэ программэхэр ехьэлIащ щIэныгъэ нэхъ лъагэу щыIэм: магистратурэми, бакалавриатми, аспирантурэми.

ЗэрытщIэщи, зы заул щIауэ Къэрэшей-Черкес къэрал университетыр къэрал 11-м ягурыIуащ я щIалэгъуалэр иригъэджэнымкIэ. Нобэ абы щIэсщ Курыт Азием къикIа цIыху мини 6-м нэблагъэ. СКФО-м ит ищхьэ еджапIэхэр къапщтэмэ, зыщIыпIи щыплъагъунукъым апхуэдиз азие лъэпкъ щрагъаджэу.

Шэчыншэу, ди университетыр бейщ педагог лъэщхэмкIэ. ИкIи, абыхэм я процент 70-р — щIэныгъэхэмкIэ кандидат, доктор, профессор, доцент цIэ лъапIэхэр зезыхьэщ.

Ищхьэ еджапIэм хэтщ геоэкологие щIэплъыкIыныгъэхэмкIэ лаборатори, археологие къэхутэныгъэхэмкIэ купси, республикэм и япэ археологие музеи. Абыхэм яхэтыжщ адыгэ, абазэ, славян, нэгъуей, къэрэшей-балъкъэр щэнхабзэхэмкIэ купсэхэр. КъЧкъУ-м лъэпкъыбзэхэмкIэ и кафедрэхэращ (адыгэ, абазэ, къэрэшей, нэгъуей филологиехэр) Къэрэшей-Черкесым щыпсэу лъэпкъхэр бзэхэмрэ литературэхэмрэ зэрадж методическэ тхылъхэр зэхэзыгъэувэр.

Къэрал университетым щIыпIэ нэс щеIыгъ Ищхъэрэ-Кавказ федеральнэ хэгъуэгум ищхьэ егъэджэныгъэмкIэ и бзэзым. ЩIэныгъэ, методикэ, педагогикэ лъэкIыныгъэфIхэмрэ мылъку-техникэ лъапсэрэ иIэкIэрэ, абы къимыгъэлалэу и къалэн нэхъыщхьэхэр егъэзащIэ жылагъуэр сыт щыгъуи зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырынымкIэ. Зы мэскъалкIи текIакъым илъэс 85-рэ хъуауэ зрикIуэ кIуэрабгъум, ар къонэж зэманым дэбакъуэу лажьэ еджапIэ нэхъыфIхэм ящыщ зыуэ.

Узденов ТаусултIан къызэрилъытэмкIэ, анэдэлъхубзэм и Лъэпкъыбзэ Махуэм Къэрэшей-Черкесым щекIуэкIа Iуэрытхым щхьэпэнущ а Iуэхур дяпэгъэ къыщызэрагъэпэщкIэ нэхъыфIыжу зыхуэгъэхьэзырыным, пэрытхыр куэд щIауэ къэзымыщтахэм лъэпкъ Iуэхум аргуэру хэтыным гупыж хуаIэным.

Хэт ищIэрэ, Iуэрытхым щыIахэм я нэIуасэхэм е Iыхьлыхэм ящIа-ялъэгъуар хуаIуэтэжмэ, абыи цIыху нэхъыбэ къришэжьэнкIэ мэхъу. Ауэрэ зэлъэпкъэгъухэр зэрыубыдынщ, икъуу къагурыIуэу щIадзэнщ бзэр зрамыгъащIэмэ, нэхъыщхьэращи — ямыгъэлажьэмэ, гува-щIэхами, ар яфIэкIуэдыпэнкIэ шынагъуэ зэрыщыIэр.

Мыгъэрей Iуэрытхым щехъулIахэм я тхэныр абыкIэ уха хъуакъым. Хэгъуэгум и район, къалэ, къуажэ къэс щIаплъыкIыжынущи, «5» нагъыщэ къэзыхьахэр КъЧКъУ-м зэхуишэсынущ нэгъуэщI IуэрытхкIэ зэпригъэуэну. Иужьым, лъэпкъ къэс нэхъыфIхэм я нэхъыфIыжу нэрыбгэ бжыгъэ къыхахынущи, Къэрэшей-Черкесым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Дагъыстаным я щIыпIэ дахэхэр къврагъэплъыхьын папщIэ нэгузыужь ирашэжьэнущ.

Адыгэбзэри, абазэбзэри, къэрэшеибзэри, нэгъуеибзэри, яхэдбжэнщ урысыбзэри, гулъытэ лей хуэныкъуэщ нобэ. Ахэр дохъумэ жытIэурэ, анэ быдзышэу къытлъыса пасэрей псэлъэкIэжьхэр, жыIэгъуэ дахэхэр IэщIыб дощI.

Гугъэм лъагъуэ химышынкIэ Iэмал иIэкъыми, щыхупIэм Iуувауэ къуэм дэплъэ адыгэбзэм, дызэкъуэувэу, къэрал лъэкIыныгъэхэр щызу къэдгъэщхьэпэу, хуэфащэ пщIэрэ щIыхьрэ едгъэгъуэтыжыну къыттохуэ.

**ЛЫХЬ Тимур**

ЕгъэджакIуэ

# Гур зыгъэфIыж

**Гъатхэпэ мазэм и дыгъэ бзийхэр щытепщэ пэшыр хъуэпсэгъуэщ. Дыгъэ кIапэр зи нэгум лъэIэс еджакIуэ цIыкIухэм я гур игъафIэ щIыкIэу, дэтхэнэми йодэхащIэ. Къару къыпхэзылъхьэщ абыхэм уакIэлъыплъыну, гъащIэм и бжэ зэхуэмыдэхэр зэIузыхыну къызыпэщылъ цIыкIухэм я гупсысэхэмрэ мурадхэмрэ къебгъэтIэщIыну. КъыпфIощI адыгэ псалъэмрэ хабзэмрэ я псэм хэжыхьауэ, зэрыпхуэкъутэни дунейм темыту.**

Апхуэдэ еджакIуэхэр зи нэIэ щIэт егъэджакIуэм насып тIуащIэкIэ Тхьэр къыхуэупсауэ жыпIэ хъунущ. Гъэмахуэ бзум и бзэу анэдэлъхубзэр и гъэсэнхэм яIурилъхьэныр къызэрыхуиухар зыуэ, а зыIурилъхьэхэм ар яфIэхьэлэмэту къызэрапхъуатэр етIуанэу!

А псоми уащыкIэлъыплъкIэ, уигу къредзэ – адыгэбзэр, адыгагъэр лъэужьыншэ хъунукъым адыгэпсэ зыIут, адыгэгу зыкIуэцIылъ дунейм тетыху, адыгэбзэр зыгъэбзэрабзэ, зыгъэIурыщIэ дыгъэр уафэгум щыблэху! Апхуэдэ гугъэм гур егъэфIыж…

Апхуэдэ гугъэр къыткъэзылъхьэщ илъэс 33-рэ хъуауэ еджапIэм щIэс нэхъ цIыкIу дыдэхэм щIэныгъэ нэс ябгъэдэлъхьэным, анэдэлъхубзэр фIыуэ ягъэлъагъуным, лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэ дахэхэр яхэлъхьэным еш имыщIэу пэрыт Бахътыр Юлэ Исмэхьил и пхъур. И гъащIэ псом егъэджакIуэ хъуным нэгъуэщI IэщIагъэми щIэхъуэпсакъым бзылъхугъэ гуакIуэр. Абы щхьэусыгъуэ иIэщ. Юлэ къызэрыхъухьар егъэджакIуэ унагъуэщ. И адэанэр къуажэдэс сабийхэм щIэныгъэ куу ябгъэдэлъхьэнымрэ гъэсэныгъэ нэс яхэлъхьэнымрэ илъэс куэд хуагъэтIылъащ. Зурят пэщIэдзэ классым хэсхэр иригъэджащ. Исмэхьил егъэджакIуэу лэжьащ, къуажэм и унафэщIу щытащ. НэхъыжьыфIым сыт щыгъуи цIыхугъэр ипэ иригъэщу къекIуэкIащ. Абыхэм къадэкIуэу, усэ тхыныр фIыуэ илъагъут. Абы и IэдакъэщIэкIхэр къытехуащ «Черкес хэку» газетымрэ «Лъахэ» журналымрэ. Исмэхьил и усэхэр нэхъыбэу зытеухуар адыгагъэращ, цIыхугъэращ, гъэсэныгъэращ. А хьэл-щэн дахэхэр зи гъуэгугъэлъагъуэу къэгъуэгурыкIуа нэхъыжьыфIым и быныр аращ зыщIипIыкIар. Исмэхьилрэ Зурятрэ я бынитхум щыщу, адэ-анэм я гъуэгум ирикIуащ япхъухэу Заремэрэ Юлэрэ.

Юлэ курыт еджапIэр фIы дыдэу къиухри, Черкесск къалэм дэт педучилищэм щIэтIысхьащ. Еджэныр зи щIасэ пщащэм абдеж щIэныгъэ нэс щызригъэгъуэтащ, училищэри диплом плъыжькIэ къиухащ. ПэщIэдзэ классхэр иригъэджэну хуитыныгъэ къезыт тхылъыр къыщыхуагъэфащэм, зыщалъхуа къуажэм, зыщеджа еджапIэм къигъэзэжауэ, абы лъандэрэ цIыкIухэм яхэтщ, бгъэдэлъ щIэныгъэмкIэ ядэгуашэу. «ЩIэныгъэр лей хъукъым» зэрыжаIэщи, Юлэ зэрылажьэурэ, Къэрэшей-Черкес къэрал педуниверситетым ищхьэ щIэныгъэ щызригъэгъуэтыжащ.

Игурэ и псэрэ етауэ лэжьэн щIэзыдза егъэджакIуэм и егъэджэкIэри зэрыригъэфIэкIуэным хущIэкъуурэ къекIуэкIащ. IэщIагъэрылажьэм къыгуроIуэ нобэ цIыкIухэм ябгъэдилъхьэ щIэныгъэм сабийр балигъыпIэ кIыу, щIимыджыкIыу къигъанэкъым, «нобэ збгъэдэлъ щIэныгъэр схурикъунщ» жиIэу тIысыжкъым. И щIэныгъэ, егъэджэныгъэ къэухьым зэрызригъэужьыным сыт щыгъуи иужь итщ, зызыхъуэж зэманым къыздихь зэхъуэкIыныгъэфIхэм зыщегъэгъуазэ, ахэр сабийхэм я пащхьэ ирелъхьэ.

— Гупыр дызэгурыIуэу, зызэщIэдгъакъуэу дызэдолажьэ. АбыкIэ псалъэ гуапэхэр хуэфащэщ ди унафэщI Хъубий Салимэ. Ар зи лэжьыгъэм жэуаплыгъэ хэлъу бгъэдыхьэ, гулъытэшхуэрэ цIыхугъэрэ зыбгъэдэлъ, зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI унафэщIщ. Дэри аращ дызыхуиунэтIыр икIи ди лэжьыгъэмкIэ ефIэкIуэныгъэрэ ехъулIэныгъэрэ зэрыдиIэр аращ зи фIыщIэр. Сыту жыпIэмэ, псори дгъуэту дылэжьэн папщIэ, унафэщIым лъэкI къигъанэкъым. ФIыуэ зэрагъэзэхуэжа, сыт и лъэныкъуэкIи зэтегъэпсыхьа, зэщIэузэда еджапIэм дыщолажьэ. АтIэ, уи лэжьыгъэр тынш зыщI, зэманым тегъэпсыхьа оборудованэкIэ, нэрылъагъу пособэхэмкIэ, нэгъуэщI IэмалхэмкIэ укъызэгъэпэщамэ, абы уи гукъыдэжри къиIэтынущ, сабийхэм нэхъ гупсэхууи уадэлэжьэфынущ. ЕджапIэм щолажьэ «СОС» жыхуиIэр, егъэджэныгъэм и «Точка Роста» лъэпкъ проектыр, «Успех каждого ребенка» федеральнэ проектыр. Классхэр компьютеркIэ, технологиещIэхэмкIэ къызэгъэпэщащ. ЕджакIуэ цIыкIухэм я щIэныгъэм, еджэныгъэм хэгъэхъуэнымкIэ ахэр хуабжьу сэбэп мэхъу, — къыддогуашэ Юлэ.

АтIэ, сабийхэм псалъэ гъущэкIэ яжепIэм нэхърэ я нэкIэ ялъагъур нэхъ къагуроIуэ, я гум къонэж, абыхэм фIыуэ ялъагъукъым дерс зэщхьхэр. Ахэр зэшыгъуэ къащохъу. Абы къыхэкIыу егъэджакIуэм куэду къегъэсэбэп нэрылъагъу пособэхэр, дерсхэри зэмылIэужьыгъуэу къызэгъэпэщыным гулъытэ хуещI: цIыкIухэр зэм зэрегъэныкъуэкъу, зэпрегъауэ, зэми джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къигъэсэбэпурэ, ядж материалхэр нэхъ кууэ къагурегъаIуэ, гукъинэж, зэгъэщIэгъуафIэ яхуещI. Апхуэдэ дерсхэм зэи сабийхэр тезашэкъым.

— Си лэжьыгъэр зэрезгъэфIэкIуэным сыт щыгъуи иужь ситщ, «Учи.ру», «Яндекс учебник» класс егъэджэныгъэ порталхэм сыпыщIауэ, сабийхэм садолажьэ. НапэкIуэцI зэхуэмыдэхэм сайт цIыкIу щызиIэжщ. Гулъытэ хэха хузощI сабийхэм я анэдэлъхубзэр фIыуэ ягъэщIэным, гъэхуауэ къеджэфу, къызэджари жаIэжыфу гъэсэным. ЕгъэджакIуэхэм дигу къеуэр зыщ: сабийхэр нэхъыбэу урысыбзэщ зэрыпсалъэр, зи анэдэлъхубзэ къызыгурымыIуэхэр яхэтщ. АдыгэбзэкIэ тхэфу, еджэфу ахэр зэрезгъэсэным гулъытэ нэхъ хузощI. Абы и лъэныкъуэкIэ Iэмал зэхуэмыдэхэм сыхуокIуэ. «Адыгэбзэм и хьэщIэщ» жыхуиIэр диIэщ, усэ къеджэнкIэ, псынщIэрыпсалъэхэр, псалъэжьхэр жыIэнымкIэ зэпеуэхэр къызызогъэпэщ. КлассщIыб лэжьыгъэхэр изогъэкIуэкI, гъащIэм щыхэбакъуэм деж мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Абы папщIэ, Юлэ и еджэныр зы махуи къигъэувыIэкъым, гъэсэныгъэм, егъэджэныгъэм теухуауэ тхылъ къыпэщIэхуэмэ, ар щIимыплъыпэщащ. ЕджакIуэ цIыкIухэм я щIэныгъэм, еджэныгъэм хэгъэхъуэнымкIэ ахэр хуабжьу сэбэп мэхъу, — къыддогуашэ Юлэ.



лъэпкъым и щэнхабзэм щызогъэгъуазэ, — жеIэ егъэджакIуэм.

Къинэмыщ1ауэ, егъэджакIуэм сабийхэр хэкупсэу къэгъэтэджыным гулъытэ хэха хуещI. Абы ехьэлIауэ пшыхьхэмрэ зэпеуэхэмрэ ирегъэкIуэкI. АбыкIэ сэбэп мэхъу еджапIэм и музейр. Ар лъэпкъым къыдекIуэкIыу щыта IэмэпсымэхэмкIэ, тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ къулейщ. «Разговоры о важном» дерс зэIухахэр къызэрегъэпэщ. Абдежхэм сабийхэм гъэщIэгъуэн куэд къыщацIыху.

Юлэ и нэIэм щIэт еджакIуэхэр фIыуэ еджэ къудейкъым, атIэ ахэр жану хэтщ еджапIэм щекIуэкI дэтхэнэ бэдауэщ лэжьыгъэми, Iуэхугъуэми. Езыхэри куэдрэ зэпоуэ, джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зохьэзохуэ, хэт нэхъ гурыхуэми, акъыл жанми, нэхъыбэ ищIэми къагъэлъагъуэу. Нэгузыужьыи псыхъуэм, мэзым, губгъуэм мащIэрэ кIуэхэкъым. Абыхэм щалъэгъуахэми иужькIэ тотхыхьыж. А псоми сабийхэм я гъащIэр хьэлэмэт ящI, набдзэгубдзаплъэу, къэзыухъуреихь дунейр, я лъахэр фIыуэ ялъагъуу егъасэ.

Егъэджэн Iуэхум нэмыщI, Юлэ методикэ лэжьыгъэми холэжьыхь. ЩIэныгъэрылажьэ Къантемыр Баблустэ и унафэм щIэту, езанэ классыр зэреджэ алыфбейхэмрэ етIуанэ классым зэрыщеджэ «Адыгэбзэ» тхылъхэмрэ къыдэгъэкIыным хэлъхьэныгъэ хуищIащ. Юлэ япэ тхылъым и соавторщ, етIуанэм — рецензорщ. Азбукэм щIыгъу методическэ чэнджэщхэм я соавторщ.

Бзылъхугъэ щэныфIэм унагъуэ хъарзыни иIэщ. Зэщхьэгъусэхэм хъыджэбзищ зэдапIащ, дэтхэнэми и унагъуэ иухуэжауэ мэпсэу, пхъурылъхухэри уехъуапсэу къыщIотаджэ. Салимэ и IэщIагъэкIэ юристщ, Оксанэ бухгалтерщ, Алинэ егъэджакIуэщ. Зэшыпхъухэр фIы дыдэу еджащ. Курыт еджапIэр дыщэ медалкIэ, ищхьэ щIэныгъэ здыщызэрагъэгъуэта университетхэри диплом плъыжькIэ къаухащ.

Юлэ унэгуащэ хьэлэмэтщ, анэ гумащIэщ, щхьэгъусэ тыншщ. ПщэфIэныр фIыуэ елъагъу, ерыскъы щIэщыгъуэкIэ сыт щыгъуи и Iэнэр узэдащ. Усэ тхынми хуэIэкIуэлъакIуэщ.

Иужьрейуэ щIыдгъужынщи, мы махуэхэм ди щIыналъэм щекIуэкI, «Илъэсым и егъэджакIуэ» республикэ зэпеуэм Юлэ и зэфIэкIхэр къыщегъэлъагъуэри, и насып Тхьэм ятригъакIуэ!

**ЕЗАУЭ Маринэ**

Фэеплъ

# Уахътыншэ

УФ-м и Президентым и унафэкIэ Украинэм щрагъэжьа зауэ операцэ хэхам ди лъэпкъэгъухэм ящыщ куэд хахуагъэрэ лIыхъужьыгъэрэ къыщагъэлъагъуэ. ГущIыхьэшхуэ зэрытщыхъущи, Хэкум и къыщхьэщыжакIуэ нэсхэм, къикIуэт ямыщIэу бийм пэщIэт ди зауэлIхэм захуагъэм папщIэ зи псэр зытхэр яхэтщ. ЛIыхъужьхэм я щапхъэм щIэблэр щIэпIыкIыным, абыхэм я цIэхэр уахътыншэ хъуным хуэгъэза лэжьыгъэхэри зэпымыууэ йокIуэкI

Апхуэдэ пэкIу Эрсакон къуажэм дэт курыт еджапIэм къыщызэрагъэпэщащ. Ар теухуауэ щытащ а еджапIэм щеджа, зауэ операцэ хэхам хэкIуэда адыгэ щIалэ хахуэ Курбанов Радик Артур и къуэм и цIэкIэ «Парта Героя» фэеплъыр къызэIухыным.

Фэеплъ пшыхьым кърагъэблэгъащ Эрсакон къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Къанкъуэщ Арсен, Радик и адэ-анэхэу Артуррэ Маринэрэ, щIалэ лIыхъужьым и Iыхьлыхэр, и ныбжьэгъухэр, СВО-м хэтхэу Хьэжмусэ Руслан, Дыщхэ Альберт, АйкIэпщ Анзор, Албэрд Ибрэхьим сымэ, егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ.

Радик теухуа псалъэ гуапэхэр щыIуащ зэхуэсым, фIыщIэ хуащIащ апхуэдэ щIалэ, цIыху пэж зыгъэса адэ-анэм.

Фэеплъ зэхыхьэр къызэIуихащ «Память» музейм и унафэщI, е 9-нэ классым хэсхэм я класс унафэщI Къэбэрдей Заремэ. Абы жиIащ нобэ ди къэралыр зэман хьэлъэ зэритыр, «ЩIыхь», «Къалэн» псалъэхэм я мыхьэнэр псалъэ къудей мыхъуу, IуэхукIэ щызэхагъэкI зэману зэрыщытыр, ар нэсу къагурыIуэу, Хэкум и хьэлэмэт зэрахуэну, зауэлI пщэрылъхэр ягъэзэщIэну ди щIалэхэр къызэрыувар.

Къуажэ администрацэм и унафэщIым и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ щIалэ-лIыхъужьым и фэеплъыр зэи зэрымыкIуэдынур, ар зэрыпсэунур.

ЛIыхъужьым и фэеплъ партэр къызэIуахыну хуагъэфэщащ щIалэм и адэ Артуррэ СВО-м хэт, Радик ажалышэр къыщытехуам и гъунэгъуу щыта Хьэжмусэ Русланрэ. Партэм япэ дыдэу дагъэтIысхьащ е 3-нэ классым щеджэхэу ДыщэкI Лилиерэ ПIытIыжь Маратрэ. НобэкIэ абдеж дерсхэр щет Радик и япэ егъэджакIуэу щыта Къардэн Iэсят Абдурэхьман и пхъум.







Радик илъэс 23-щ къигъэщIар. Ар 1999 гъэм щIышылэм (январым) и 6-м къэхъуащ. 2006 гъэм Эрсакон курыт еджапIэм и япэ классым щыщIэтIысхьащ. ЕджапIэм къызэрыкIуэ сабийуэ щIэсащ, хуабжьу жьы щIэту, цIыху жыджэру, нэфIэгуфIэу щытащ. Ныбжьэгъу и куэду, абыхэм фIыуэ къалъагъуу къэгъуэгурыкIуащ. Спортыр фIыуэ илъагъут, IэхуитлъэхуитбэнэнымкIэ секцэм кIуэт, зэпеуэхэм зыкъыщигъэлъагъуэт, увыпIэфIхэри къихьт.

Е 7-нэ классым къыщыщIэдзауэ Эркен-Щыхьэр дэт училищэм, МЧС факультетым щеджащ. Ар къыщиухым, Мейкъуапэ къэрал технологическэ университетым мафIэс шынагъуэншагъэмкIэ и факультетым щIэтIысхьащ.

2018 гъэм октябрым и 17-м дзэ къулыкъум ираджащ. Къулыкъу нэужьым Мейкъуапэ военнэ округым контракт ядищIащ. Абдеж ар щеджащ ГРАД-м и механик– водителу.

Донбассыр хъумэнымкIэ Украинэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэр яубла нэужь, Радик яхэтащ япэу а IэнатIэм Iухьахэм икIи лIыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъагъуэу, пщэрылъ къыщащI къалэн псори зэфIихыу абы щыIащ. Абдеж зэхэуэ гуащIэхэм хэту адыгэ щIалэр хэкIуэдащ: бийм къытридза уIэгъэ хьэлъэм къелакъым.

Хэкум и пащхьэ щиIэ къалэнхэр нэсу зыгъэзэщIа Курбанов Радик Артур и къуэм, УФ-м и Президентым ищIа Унафэм ипкъ иту, хуагъэфэщащ «ЛIыхъужьыгъэм и орден» нагъыщэ лъапIэр *(дунейм ехыжа нэужь)*.

Зэхуэсым къекIуэлIахэр а псоми щыгъуазэ хуащIащ еджакIуэхэм. ЕгъэджакIуэхэмрэ ныбжьыщIэ гупымрэ къабгъэдэкIыу фэеплъ зэхуэсым хуагъэхьэзырат хэкупсэ унэтIыныгъэ зиIэ теплъэгъуэхэр, е 3-нэ, е 9-нэ классым хэс цIыкIухэр гукIэ усэхэм къеджащ.

Эрсакон курыт еджапIэм и гъэсэну щыта Курбанов Радик хуэдэхэм я гъащIэр, яхэлъа лIыхъужьыгъэмрэ хахуагъэмрэ щапхъэ нэс яхуэхъунущ абы нобэ щеджэ ныбжьыщIэхэми, ди республикэм къитаджэ щIалэгъуалэми.

**ДЗЭМЫХЬ Маринэ**

СВО

Спорт — ЕхъулIэныгъэ

# Пщащэ-футболистхэм я текIуэныгъэр

Дагъэгуф|ащ ди республикэм и щIыхьыр зыхъумэу, мини-футболымкIэ Урысейпсо финал спорт зэхьэзэхуэм пщIэ зиIэ етIуанэ увыпIэр зыIэрызыгъыхьауэ къытхуеблэгъэжа, Адыгэ-Хьэблэ районым и пщащэ-футболистхэм.



Адыгэ-Хьэблэ щыщ гъэсакIуэхэу Гундэхъу Виталийрэ Айбазов Артуррэ илъэс пщIы бжыгъэ хъуауэ пщащэхэр футболым драгъэхьэх. Пщащэхэм а спорт лIэужьыгъуэр фIыуэ зэрырагъэлъагъум къыщымынэу, ныбжьыщIэхэм яхузэфIокI Ищхъэрэ Кавказми, Урысейми бжьыпэр щаубыдын, я IэпщIэлъапщIагъэкIэ я цIэр ину ягъэIун, уеблэмэ, мыбыхэм ягъэса футболист пщащэхэр къэралым и командэ лъэрыхьхэм щоджэгу, зыщагъасэ. ГъэсакIуэхэр нобэ зыдэлажьэ я щIэблэри хуабжьу бзаджэщ, ерыщщ, IэпщIэлъапщIэхэщ. Абы щыхьэт тохъуэ командэм къилъэщ увыпIэхэр.

Иджырей спорт зэхьэзэхуэр гъатхэпэм (мартым) и 5 - 10 махуэхэм Нижегородскэ областым хыхьэ Большой Суходол щIыналъэм и Iэхэлъахэм щыIэ «Изумрудное» зыгъэпсэхупIэ базэм щекIуэкIащ.

«Мини-футбол в школу» проектым ипкъ иту къызэрагъэпэщ Урысейпсо зэпеуэм и финалым хэтащ 2012-2013 гъэхэм къалъхуа спортсменхэр. ЗэрыжытIауэ, Къэрэшей-Черкесым и щIыхьыр зыхъумар Адыгэ-Хьэблэ къуажэм дэт курыт еджапIэм и еджакIуэ цIыкIухэращ, «Адыгэ» футбол командэм хэтхэращ.

Мы зэхьэзэхуэм хэта къудейм къыщымынэу, ерыщагъкIэ, нэрыгъкIэ, IэкIуэлъакIуагъкIэ къапэлъэщын щымыIэу ди пщащэхэм яхузэфIэкIащ финалым икIын. А зэпэщIэтыныгъэми хьэлщэн къызэрымыкIуэ къыщагъэлъэгъуащ, 3:3-рэ командэхэр зэбгъэдэкIыжри, бжьыпэр зыубыдар белджылы хъуащ пенальтикIэ. «Унэм ущыIэмэ, блынхэри къыбдоIэпыкъу» урыс псалъэжьым зэрыжиIэм нэхъей, текIуэныгъэр зи насып къихьар спорт зэхьэзэхуэр здыщекIуэкI Нижегородскэ областым хыхьэ Арзамас къалэм дэт, зи №6 курыт еджапIэм и командэращ. Дыжьын медалыр зыIэригъыхьащ «Адыгэ» футбол командэ цIэрыIуэм.

Ди хэгъуэгум икIа командэм щыщ пщащэр — Атаевэ Аделинэ спорт зэхьэзэхуэм нэхъ IэпщIэлъапщIэ дыдэу щыджэгуа футболисту къалъытащ.

ТекIуэныгъэр ныбжьыщIэхэм ядэзыгуэш гъэсакIуэхэм псалъэ гуапэхэр яхуэфащэщ. Абыхэм я фIыщIэщ щIэблэ куэд спортым хэша зэрыхъур, узыншэу къызэрытэджыр.

ГъэсакIуэхэм фIыщIэ ин хуащI мыпхуэдэ спорт зэхыхьэхэм хэтыфынымкIэ лъэкIыныгъэ къайзыт, дэIэпыкъуэгъукIэ къапыкъуэкI анэ-адэхэм, псом хуэмыдэу, мылъкукIэ закъыщIэзыгъакъуэ Хъупсырокъуэ Алий.

Дахуохъуахъуэ гъэсакIуэхэми, пщащэ-футболистхэми къару мымащIэ трагъэкIуадэу зыIэрагъыхьа текIуэныгъэм папщIэ! ДяпэкIи ехъулIэныгъэщIэхэм фыхуэкIуэну Тхьэм жиIэ!

**АБИДОКЪУЭ Люсанэ**

Унагъуэм и Илъэсым — Махуэщ|ым ипкъ иту

**Насыпым и Къэралыбэ махуэм ипэ къихуэу, а упщIэмкIэ захуэдгъэзащ цIыху зыбжанэм.**

# Унагъуэ насыпыфIэр сыт хуэдэ?

**АДЭМОКЪУЭ Елбэрд — жылагъуэ Iуэхузехьэ:**

— КъызэрыслъытэмкIэ, унагъуэ махуэщ дадэжьхэмрэ нанэжьхэмрэ чэнджэщакIуэущиякIуэу, унэтIакIуэу зыщхьэщыт унагъуэр, сабий куэд: къуэрылъху – пхъурылъхухэр, абыхэм я быныжхэр зэрысыр. Абы къинэмыщIауэ, унагъуэ насыпыр елъытыжащ узэрыс къэралым, хэгъуэгум я узыншагъэм, узыдэс къалэм, къуажэм щытепщэ жылагъуэ зэхэтыкIэм, уи гъунэгъухэр къызэрыппыкъуэкIым. ЛеймкIэ адыгэхэм жаIэкъым «гъунэгъурэ гъуэншэджрэ» жэуэ. Ауэ псом нэхърэ нэхъапэр икIи нэхъыщхьэр унагъуэм цIыхугъэ хабзэ, зэхэтыкIэ дахэ илъынращ.

**ПХЪЭШ Ашэмэз — ГТРК-м и Адыгэ республикэ къудамэм и унафэщI:**

— Уи унагъуэр насыпыфIэщ уи нэхъыжьхэр къыпщхьэщытмэ, псори узыншэмэ, уи бынхэм я еджэныр, я Iуэхухэр пылъхьэншэу зэкIэлъыкIуэмэ. Сэ си унагъуэр насыпыфIэу къызолъытэ: Алыхьым и шыкуркIэ, си анэр псэущ, узыншэщ, къыздалъхуахэри, си бынхэри зыхуэныкъуэншэщ. Дунейр мамырщ, ди фэ, ди ныбэ изщ, тщIэн догъуэт, ди лэжьыгъэм арэзыныгъэ къыдет.

**УРЫМ Светланэ — Али-Бэрдыкъуэ пощтым и унафэщI, гуащIэдэкIым и ветеран:**

— Сэ мыбдежым къэзгъэлъэгъуэнщ, нэхъыщхьэу тегъэщIапIэ сщIынщ анэм и гупсысэкIэмрэ и Iуэху бгъэдыхьэкIэмрэ. Сэ сыанэщ. Си дежкIэ унагъуэм и насыпыр зыхэлъыр быныфIыр, бын гъэсар, бын узыншэращ. АбыкIэ дагъуэ уимыIэмэ, уэри уузыншэнущ, дунейри уи нэм къыIуихьэнущ, пшхыри уи дзажэ дыхьэнущ. Мыбдежым апхуэдизу мыхьэнэ яIэкъым ахъшэми, мылъкуми. Мыхьэнэ зиIэр унагъуэм илъ зэгурыIуэныгъэращ, зэхущытыкIэ гуапэхэращ. Унагъуэ насыпыр елъытащ анэм. Бзылъхугъэр унагъуэ ихьа, абы бын игъуэта нэужь уней гъащIэ («личная жизнь» жыхуаIэр) иIэжкъым. Абы и насыпри, и Iуэхухэри, и гъащIэри зэтар бынымрэ унагъуэмрэщ.

**ПЕКЪУ Алинэ – Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ, бгы нэхъ лъагэ дыдэхэм дэкIа альпинист цIэрыIуэ:**

— Сэ сызэреплъымкIэ, унагъуэм и насыпыр зыхэлъыр нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ пщIэ зэхуащIынымрэ фIыуэ зэрылъагъунымрэщ. Апхуэдэу щыщытым деж быныр щIэдэIунущ адэмрэ анэмрэ я чэнджэщ псалъэхэм, абыхэм я жагъуэ зэрамыщIынум пылъынущ. Гукъеуэр зэдашэчынущ, гуфIэгъуэр зэдагъэлъэпIэнущ, лъэпощхьэпохэр къызэдызэранэкIынущ. Апхуэдэ унагъуэр узыншэнущ, гъерэтыфIэнущ, насыпыфIэнущ. ЗэгурыIуэу зэдэIуэжым я махуащ.

**БЕСЛЪЭНЕЙ Зулетэ – Псыхуабэ япэ къалэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэ, медико-фармацевтическэ институтым и егъэджакIуэ:**

— Унагъуэр насыпыфIэщ адэ-анэр, я быныр мысымаджэмэ. Уи сабийхэр я акъылкIи, я IэпкълъэпкъкIи узыншэмэ, абы нэхъ насып сыт щыIэ? Унагъуэм исхэм гулъытэ зэхуащIын хуейщ, абы къокI уигу зэхуэмыгъуэнри, узэхуэгуэпэнри, узэдэIэпыкъунри. Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, Саратов деж операцэ гугъу сащIати, си пхъум ахъшэр и жыпым кърихри, медицинэ хуэIухуэщIэм и уасэр зэрыщыту итащ. Ар уи быным къыщыпхуищIэкIэ, ар бгъэсащ цIыхугъэ, гулъытэ хэлъу, гу-лыуз къыпхуиIэу. Апхуэдэу узэхуэгуэпэнри, узэхуэгузэвэнри унагъуэ насыпым щыщ Iыхьэщ.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Еленэ – «Черкес хэку» газетым и техническэ секретарь:**

— Сэ иджыри унагъуэ сихьа щIыкIэкъым, абы и лъэныкъуэкIэ си гъащIэ зэхэщIыкIыр апхуэдэу инкъым. Ауэ къызэрысщыхъумкIэ, унагъуэм и насыпыр елъытащ зэщхьэгъусэхэм я зэхущытыкIэхэм. Абыхэм я бынхэм ирагъэлъагъу щапхъэр гъэсэныгъэ Iэмалхэм я нэхъыфIщ. Адэмрэ анэмрэ зэхуэгуапэмэ, фIыуэ зэрылъагъумэ, я бынхэри лъэ теувэнущ зэгурыIуэмэ зэдэIуэжу, фIыуэ зэрылъагъуу, гулъытэ зэхуащIу, зэдэIэпыкъуу. Унагъуэ насыпыфIэм къитэджыкIахэр гъащIэм нэхъ хуэгъэпсащ.

**ЖУРАВЛЕВЭ Лидие – Нижневартовск къалэм щыщ усакIуэ, гуащIэдэкIым и ветеран:**

— Зы псалъэухакIэ жэуап естыфынущ а упщIэм. Унагъуэр насыпыфIэщ дунейр мамырмэ, псори узыншэмэ.

**ЩIэупщIэныгъэр езыгъэкIуэкIар**
**ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэщ**

Проект

# Сыт ягъэщIэращIэмэ нэхъыфI?

**Къэрэшей-Черкесым щыпсэухэм 2025 гъэм ди хэгъуэгум ягъэщIэрэщIэжыну щIыпIэхэр езыхэм къыхахыну Iэмал яIэщ.**

Апхуэдэу, гъатхэпэм (мартым) и 15-м щегъэжьауэ къэрал псом мы Iуэхугъуэм теухуа хэхыныгъэхэр зэхаублащ. Къалэхэм, къуажэхэм жылагъуэмкIэ мыхьэнэ зиIэ щIыпIэхэр гъэщIэрэщIэныр, егъэфIэкIуэныр къызэрагъэпэщ «Жилье и городская среда» проектым ипкъ иту. Мы проектыр ягъэзащIэ 2018 гъэм щыщIэдзауэ, Урысейм и Президент Путин Владимир и унафэкIэ. Проектыр 2030 гъэм пщIондэ екIуэкIынущ.

Мы гъэм хэхыныгъэхэм хэтын папщIэ, республикэм и щIыпIэ 11 къыхагъэщхьэхукIащ. Ахэр Черкесск, Карачаевск, Усть-Жэгуэтэ, Тебэрды къалэхэм, Медногорск жылагъуэм щыIэщ. Хэгъуэгум и муниципалитет псоми хэхыныгъэхэм хуэгъэпса пункт 78-рэ щыIэщи, абдеж цIыхухэм егъэфIэкIуапхъэу къалъытэ щIыпIэхэм Iэ хуаIэтыфынущ.

«Жилье и городская среда» лъэпкъ проектым ди республикэм щыпсэухэр жыджэру хэткIэрэ, 2017 гъэм щегъэжьауэ нобэр къыздэсым республикэм и къуажэ, къалэ 76-м жылагъуэмкIэ мыхьэнэ зиIэ щIыпIи 142-рэ, пщIантIэ 447-рэ зэрагъэзэхуащ, ирагъэфIэкIуащ.

Мы гъэм къриубыдэу Черкесск къалэм и мэриер иджыри зы проектым и ужь ихьэнущ – «ХытIыгу щхъуантIэ» паркым хыхьэ псы хъурей ЦIыкIур ирагъэфIэкIуэнущ.

ЖыIэпхъэщи, проектым и къалэн нэхъыщхьэхэм языхэзыр къалэхэр, къуажэхэр гъэщIэрэщIэным цIыхубэр къыхэшэнращ.

Iэ Iэтыр здекIуэкI хэщIапIэхэр здэщыIэхэр мы сайтым щывгъуэтынущ: **https://xn--80aapampemcchfmo7a3c9ehj.xnp1ai/mediaProjects/blagoustroystvo?utm_source=cur09.**

**ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ**

Гъуэгу шынагъуэншагъэ

# Сэбэп къэзыхь дерс

**«Адыгэ-Хьэблэ» МОВД-м и къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм шынагъуэншагъэм и дерс Бэралъкъы курыт еджапIэм щрагъэкIуэкIащ.**



Апхуэдэ дерсхэм я мыхьэнэ нэхъыщхьэр — гъуэгум, жылагъуэ транспортым сабийхэр шынагъуэншэу зэрыщызекIуэн хуейр, зыщагъэгъупщэ мыхъун хабзэхэр, еджапIэм щеджэ щIыкIэ зэрагъащIэхэр, иджыри зэ ягу къэгъэкIыжынращ.

НыбжьыщIэ цIыкIухэм гурагъэIуащ транспорт куэду щызекIуэ гъуэгубгъухэм уIут, абыкIэ зекIуапIэ пщIы зэрымыхъунур. ЖраIащ гъуэгур зэпаупщIыну мурад ящIамэ, лъэныкъуэу хъуамкIэ зэрызаплъыхьыпхъэр.

ОГИБДД-м и инспекторыр къытепсэлъыхьащ шынагъуэншэ зекIуапIэхэр куэду зэрыщыIэм, цIуугъэнэ къэзыгъэхъу пкъыгъуэхэр сабийхэм я хьэпшыпхэм хэлъын зэрыхуейм, абыхэм пщыхьэщхьэхуегъэзэкI щыхъуам деж мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэн зэрагъэзащIэм.

Дерсыр иуха нэужь, купщIэрэ сэбэпрэ зыхэлъу щыта зэпсэлъэныгъэр езыгъэкIуэкIа инспекторхэм фIыщIэ къыхуащIащ егъэджэныгъэ IуэхущIапIэм и егъэджакIуэхэм. НыбжьыщIэ цIыкIухэми псалъэ ятащ гъуэгум набдзэгубдзаплъэу щызекIуэну, ППД хабзэхэр текI имыIэу ягъэзэщIэну.

**ДЖЕМАКУЛОВ Расул, «Адыгэ-Хьэблэ» МОВД-м и ОГИБДД-м и унафэщI, полицэм и майор**

«Черкес хэку»-м и илъэси 100-м хуэкIуэу

# «Шыбжий»-м къытхуеIуатэ

***«Шыбжий» рубрикэм щIэту тхыгъэ гъэщIэгъуэн куэд къытехуащ 1962 гъэм къыдэкIа «Черкес пэж» газетым и напэкIуэцIхэм. ГуащIэдэкI лэжьыгъэм пыщIа цIыху цIыкIум, унафэщI мыхъумыщIэхэм, совхозхэтхэм я хъыбархэр куэду «шыбжий»-м и нэIэ тригъэтт. Журналистыр къызэрыкIуэнум игъэшынэ унафэщIым и лэжьэкIэр зэтригъэпсыхьыжт, газетым напэтехыу къытрамыдзэн папщIэ. Апхуэдэ тхыгъэхэм щыщщ нобэ фи пащхьэ итлъхьэр.***




## Мыпхуэдэу къэхъуащ

Къэрэшей районым щыщ «Марэ» совхозым техникэр зехьэным, хъумэным фэ лъэпкъ ираплъкъым. 1960 гъэм абы къыIэрыхьауэ щытащ «ПГ-0,5» гредернэ погрузчикрэ опрыскивателрэ. Ахэр зыщIыпIи къыщамыгъэсэбэпурэ зэпкъралъэфыжащ. Феплъыт мы сурэтым. Мис апхуэдэщ «Мара» совхозым и техникэр гъатхэ вэн-сэным зэрыхуэхьэзырри. Совхозым и директорри инженер нэхъыщхьэри йоплъыр трактор «хьэлэхэм» икIи ягъэщIагъуэу жаIэр:

— КъепэсэIуащ мыгъэрей гъатхэр, тIэкIу зиIэжьамэ хъутэкъэ!

Фогъуащэр ныбжьэгъухэ. Гъатхэр и зэманым къэкIуащ, фэ фыхэжеящ нэхъ.



## Дэгущ

Телефон пкъохэр, гъущI кIапсэр ищIэжауэ Бэралъкъы къуажэм къокIуэр, ауэ телефон трубкэр къащти гуо узэгуэудыху, узэхихынкъым связым и Адыгэ-Хьэблэ райконторэм и начальникым.

ТщIэкъым зэрыхъури, езыр къыщытхуейм зэуэ зэхыдох, дэ дыхуей хъумэ, дэгу мэхъу.

Апхуэдэу пIэрэ телефон лэжьэкIэр?
*(Бэралъкъы къуажэдэсхэм жаIэм щыщщ).*

**Зыгъэхьэзырар ХЬЭТАЙ Мадинэщ**

Мэкъумэш

# Губгъуэ лэжьыгъэхэр

Къэрэшей-Черкесым и мэкъумэш лэжьакIуэхэр гъатхэ вэнсэным пэрыуващ. Япэу губгъуэм ихьахэм ящыщщ Прикубан, Адыгэ-Хьэблэ муниципальнэ районхэм я аграриехэр. Мы зэман гъунэгъум хъызмэтхэм я мурадщ хьэ гъатхасэр щIыгум хагъэзэгъэну.

Хьэ здыхалъхьэну щIыгухэри белджылыщ. Нэхъыщхьэр Iэщхъуныгъэр IусыпхъэхэмкIэ иригъэкъунращ. Абы папщIэ гъэ къэси хагъахъуэ Iусыпхъэу ясэр, Iусыпхъэ къэкIыгъэхэр зыхэлъ щIыгухэм я къэухьхэр зэкIэлъыкIуэу проценти 3-5-кIэ нэхъыбэ мэхъу.

Хабзэ хъуауэ, ерыскъы шынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщхэм яхохьэ гъавэхэмрэ хадэцIыкIухэкIхэмрэ. Гъатхасэ гъавэхэкI, гъавэ-джэшхэкI пасэхэр хагъэзэгъэнущ щIыгу гектар мин 78,9-м, нартыху гъавапхъэр – гектар мин 73,6-м, фошыгъупхъэ жэгундэр – гектар мини 5,3-м, кIэртIофыр – гектар мини 2-м, хадэцIыкIухэкIхэр – гектар мин 0,3-м.

Мы зэманым щIыгъэпшэрхэмкIэ ягъэбей бжьыхьэсэхэр – а IэмалымкIэ япыкъуэкIагъэххэщ бжьыхьэсэхэм я процент 70-м щIигъум. Гектар 11,6-м къыщыкIа бжьыхьэсэхэм я теплъэр фIыуэ, гектари 3,8-м къыщыхэжахэм я щытыкIэм ueувалIэ хъуну щытщ. Псори зэхэту бжьыхьэсэ гъавапхъэ къэкIыгъэхэр щыхасащ щIыгу гектар 15,5-м. ЗэпIэзэрыту хуабэ хъуа нэужь, губгъуэхэм я теплъэм уасэ иратынущ, икIи унафэ къахьынущ щIыIэм къела къэкIыгъэхэм адэкIэ зэрелэжьынум теухуауэ. Зыгуэрхэри щIэрыщIэу ясэжынущ.

Мы зэманым ехъулIэу аграриехэм къащэхуагъэххэщ минеральнэ щIыгъэпшэр тонн мини 6,1-рэ. Ар нэгъабэрей гъэлъэгъуэныгъэм хуэдизщ. Ягъэхьэзыр техникэр, къэкIыгъэхэр зэрахъумэ Iэмалхэр, гъэсынхэмрэ къэкIыгъэ жылапхъэхэмрэ. Хэгъуэгум и аграриехэр гъавэ жылапхъэхэмкIэ къызэгъэпэщащ процент 75-м щIигъукIэ.

Республикэм и мэкъумэшхъызмэт IуэхущIапIэхэм гъатхэ вэн-сэныр ирагъэкIуэкIыным хуэхьэзырщ техникэм и процент 92-р. Къызэгъэпэщыныгъэ Iэмал псори зэрахьащ техникэр гъатхэпэм и 25-м ехъулIэу зэтегъэпсыхьыным хуэунэтIауэ.

**АЛЪЭСЧЫР Мухьэз**

Федеральнэ акцэ

**«Фэеплъым и жыг хадэ» акцэм ипкъ иту, Къэрэшей-Черкесым щыхасэнущ жыгыщIэ цIыкIу мини 9-м нэблагъэ. Мэлыжьыхьым и 19-22 махуэхэм ирагъэкIуэкIыну а Iуэху щхьэпэм хэлэжьыхьынущ волонтёр минрэ ныкъуэм щIигъу.**

# «Фэеплъым и жыг хадэ»

Акцэ нэхъыщхьэр здекIуэкIынур Карачаевск къалэм и «ХытIыгу щхъуантIэ» паркым и Iэгъуэблагъэм дежщ. Урысейм и Президентым 2024 гъэр Унагъуэм и Илъэсу зэригъэувар къыхалъытэнущи, лъэпкъыбэ хэкупсэ акцэр «Фэеплъым и жыг хадэ» мыхьэнэр иIэу зэфIагъэкIынущ икIи ар теухуауэ щытынущ зэлъыкъуэтыныгъэм, тхыдэмрэ унагъуэ гукъэкIыжхэмрэ яхуэгъэза темэхэм.

ЩIыуэпсым ифI зыхэлъ Iуэхугъуэр ирагъэжьэным тхьэмахуэ иримыкъущ иIэжыр. «Фэеплъым и жыг хадэ» лъэпкъыбэ акцэр — ар гъатхэм мэзхэр зэрызэфIагъэувэж федеральнэ кампанэщ. Хэку зауэшхуэмрэ СВО-мрэ хэкIуэдахэм я фэеплъу, илъэс къэс акцэм и фIыгъэкIэ ягъэтIыс жыгыщIэ мелуан 27-м нэхърэ нэхъыбэ.

Мызыгъуэгуми гупыж зиIэм лъэкIыныгъэ иратынущ **https://садпамяти 2024. рф/map (https://xn--2022-43da1a7a9a-2atr2o.xn--p1ai/map)** адресыр ИнтернеткIэ къигъэсэбэпу акцэм хыхьэну.

«Фэеплъым и жыг хадэ» акцэм ещIылIа дауэдапщэхэм къыхашэнущ Урысейм и хэгъуэгухэмрэ ныбжьэгъугъэкIэ дызыпыщIа къэралхэмрэ. Мы акцэр илъэс еплIанэ хъуауэ ягъэкIуатэри, абы хэтагъэххэщ цIыху мелуани 5-м щIигъу. Хасащ жыгыщIэ мелуани 100-м щIигъу Къэрэшей-Черкесыр къэтщтэнщи, минищэм нэсу жыгыщIэ щыхасащ.

**АБЫКЪУ Къамырзэ**

Р

**Салон красоты**
***«Французская студия»***
**предоставляет услуги:**




*-сложные техники окрашивания;*
*-стрижки, укладки;*
*-наращивание ногтей, маникюр, педикюр;*
*-фракционная мезотерапия;*
*-безболезненная чистка лица.*

**Ждем вас ежедневно с 09:00 до 20:00 по адресу:**
**ул. Кавказская, д.16**
**Предварительная запись по телефону:**
**8.928.030.00.23**

Ди телеграм-каналыр @CHERKESHAKU

**Черкес хэку**
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru

Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ДЗЭМЫХЬ Маринэ,
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

Фщ|эн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2857-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.

Газетыр къызытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.

ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ,
корректорхэу ГУНДЭХЪУ Аня, МУССЭХЭ Зуридэ,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ДЖЫДЖИЙ Динэ